EURASIAN JOURNAL OF LAW, FINANCE AND APPLIED SCIENCES
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.3 | SJIF = 5.961
www.in-academy.uz




# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI SHAŃARAQ HUQIQI NIZAMSHILIĞINDA ALIMENT MINNETLEMELERI

**Tulepova Zulfiya Urazbaevna**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Yuridika fakulteti Puqaralıq hám biznes huqıqı kafedrası stajyor oqıtıwshısı
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10426914

## ARTICLE INFO

Received: 15th December 2023
Accepted: 22th December 2023
Online: 23th December 2023

## KEY WORDS

*Shańaraq, erjetpegen, járdemge mútájlik, aliment minnetlemesi, támiynat, miynetke uqıpsızlıq, óz ara kelisimge keliw, miynetke haqı tólewdiń eń kem muǵdarı, aliment tólew forması.*

## ABSTRACT

*Bul maqalada ata-analardıń óziniń erjetpegen perzentlerine, sonday-aq erjetken biraq miynetke uqıpsız perzentlerine, sonıń menen birge erjetken perzentlerdiń ata-anasına aliment tólew tártibi haqqında sóz etiledi. Sonday-aq, olardıń bir-birine támiynat beriwi hám ǵamxorlıq qılıwınıń Konstituciyalıq tiykarları, aliment minnetlemeleriniń Shańaraq huqıqı tárepinen tártipke salınıwı haqqında jazılǵan.*

Shańaraq huquqı tárepinen tártipke salınatuǵın tiykarǵı máselelerden biri bul – shańaraq aǵzalarınıń hám basqa shaxslardıń úlesli minnetlemeleri máselesi bolıp tabıladı. Sol minnetlemelerdiń ishinde, aliment minnetlemeleri múlkiy huqıqıy qatnasıqlar sheńberine kirip, ata-ananıń erjetpegen, qatnasıqqa uqıpsız, járdemge mútáj balalarına, balalardıń ata-anasına, erli-zayıptıń, tuwısqanlar hám basqa shaxslardıń bir-birine nızamǵa muwapıq beretuǵın támiynatına qarata usı huqıqıy atama qollanıladı. Aliment sózi latın tilinen alınǵan bolıp, azıq-awqat, napaqa, támiynat degen mánislerdi bildiredi. Alimentler shańaraq aǵzalarınıń biri tárepinen ekinshisine májbúriy tólenetuǵın qarjılardan yamasa materiallıq baylıqlardan ibarat boladı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 77-statyasına muwapıq, ata-analar hám olardıń ornın basıwshı shaxslar óz perzentlerin er jetkenge shekem baǵıwı, olardıń tárbiyası, tálim alıwı, salamat, tolıq hám hár tárepleme kámal tabıwı ushın ǵamxorlıq qılıwǵa májbúr. Yaǵnıy, bul ata-ananıń perzentleri aldındaǵı huqıqıy minnetlemesi esaplanadı. Shańaraq Kodeksiniń 96-statyasına muwapıq, erjetpegen balalarına támiynat beriw minnetlemesin ıqtıyarıy túrde orınlamaǵan ata-anadan sudtıń sheshiwshi qararına yamasa sud buyrıǵına tiykar aliment óndiriledi. Bunda aliment tólew hám támiynat beriwde ata-ananıń minnetlemeleri teńdey boladı, sonday-aq ata-ana óz-ara kelisken halda aliment tólew tártibin belgilewge haqılı. Biraq aliment tólew tártibi hám forması boyınsha kelisim nızamda belgilengen qaǵıydalarǵa hám balanıń máplerine qayshı kelmewi kerek. Kelisim dúziw ushın qatnasıq uqıplılıǵına iye bolıw talap etilmeydi. Erjetpegen balalarǵa ıqtıyarıy ráwishte aliment tólenbegende hám ata-anadan birde-birewi aliment óndiriw haqqında sudqa dawa menen múráját etpese, 14 jasqa shekem bolǵan erjetpegenler atınan kelisim olardıń nızamlı

wákilleri tárepinen dúziledi. Sud tárepinen qatnasıqqa uqıpsız dep tabılǵan shaxlar ushın da usı qaǵıyda qollanıladı. 14 jastan 18 jasqa shekem bolǵan erjetpegenler hám qatnasıq uqıplılıǵı sheklengen shaxslar óziniń nızamlı wákilleriniń razılıǵı menen aliment tólew haqqında kelisim dúzedi.

Eger támiynat beriw haqqında ata-ananıń ortasında kelisim bolmasa, olardıń támiynatı ushın aliment muǵdarı sud tárepinen belgilenedi. Bunda ata-ananıń hár aydaǵı is haqı hám basqa dárámatınıń muǵdarları, sonday-aq perzentlerdiń sanı esapqa alınadı. Yaǵnıy sud alimenttiń muǵdarın tómendegishe belgileydi:

– bir bala ushın – ata-ananıń hár aydaǵı is haqı hám basqa dáramatınıń tórtten bir bólegi;
– eki bala ushın – ata-ananıń hár aydaǵı is haqı hám basqa dáramatınıń úshten bir bólegi
– úsh hám onnan kóp perzent ushın – ata-ananıń hár aydaǵı is haqı hám basqa dáramatınıń yarımı.

Bul muǵdarlar táreplerdiń yamasa shańaraqtıń jaǵdayın, sonıń menen birge basqa jaǵdaylardı esapqa alǵan halda sud tárepinen kemeytiriliwi yamasa kóbeyttiriliwi múmkin. Aliment muǵdarınıń kemeyiwinde hár bir bala ushın óndiriletuǵın aliment muǵdarınıń miynetke haqı tólewdiń eń kem muǵdarınıń 26,5 % tinen kem bolmawı esapqa alınadı.

Tómendegi jaǵdaylarda erjetpegen perzentke tólenetuǵın aliment muǵdarı hár ayda pul menen tólenetuǵın qatań summada belgileniwi múmkin:

– aliment tólewi shárt bolǵan ata-ananıń is haqısı, sonday-aq basqa dáramatı hámiyshe bir qıylı bolmay, ózgerip tursa;
– dáramatınıń bir bólegin natura tárizinde alatuǵın bolsa;
– dáramattan úles tárizinde aliment óndiriw imkaniyatı bolmasa;
– ata-ana rásmiy belgilengen is haqı yamasa dáramatqa iye bolmasa.

Aliment alıw huqıqı – erjetpegen balanıń tiykarǵı subyektiv huqıqı esaplanıp, aliment talap etken áke yamasa ana óz atınan balanıń nızamlı wákili sıpatında háreket etedi. Sebebi balanıń ózi erjetpegenligi sebepli bul huqıqtı jeke ózi ámelge asıra almaydı. Sol sebepten balanıń ata-anası óz-ara kelisim tiykarında ıqtıyarıy túrde balaǵa aliment beriw minnetlemesin biykar etiwi múmkin emes.

Erjetpegen balalar ushın alınıp atırǵan alimentler, pensiya, napaqa áke yamasa ananıń biyliginde bolıp, tek ǵana balanıń zárúrli támiynatı, azıq-awqatı, kiyim-kenshegi, tárbiyası hám tálim alıwı ushın sarıplanıwı kerek. Áke yamasa ana perzent ushın alınıp atırǵan alimentti óziniń mápi ushın yamasa basqa jaǵdaylar boyınsha sarıplawı nızamsız esaplanadı.

Ata-ana ayrıqsha jaǵdaylar (balanıń awır qásteleniwi, kesel bolıwı hám basqalar) sebepli kelip shıqqan balanıń támiynatı ushın zárúr bolǵan qosımsha qarjılarda qatnasıwǵa májbúr esaplanadı. Qosımsha qarjılarda qatnasıwdan bas tartqan ata (ana) dan sud olardıń shańaraqlıq hám materiallıq jaǵdayın esapqa alǵan halda, qosımsha qarjılarddıń bir bólegin pul menen tólenetuǵın qatań summada óndiriw haqqında sheshiwshi qarar shıǵarıwı múmkin.

Aliment Ózbekstan Respublikası aymaǵında hám onıń sırtında pul yamasa natura tárizinde alınǵan barlıq túrdegi dáramatlardan uslap qalınadı. Shet el valyutasında alınatuǵın dáramatlar aliment óndiriletuǵın kúnde ámelde bolǵan Ózbekstan Respublikası Oraylıq Bankiniń rásmiy kursı boyınsha sumlarda esaplanadı.

Aliment tóleytuǵın ata-ananıń basqa shańaraqta erjetpegen balaları bolıp, onnan nızamda belgilengen muǵdarda aliment óndirilgende sol balalar aliment alıp atırǵan balalarǵa materiallıq tárepten kemirek támiyinlenip qalatuǵın bolsa, sonday-aq. Aliment tólep atırǵan ata (ana) nágiran bolıp, materiallıq tárepten qıynalıp kiyatırǵan bolsa yamasa aliment alıp atırǵan shaxs erkin dáramatqa iye bolsa, aliment muǵdarı sud tárepinen kemeyttiriliwi múmkin.

Eger erjetpegen bala mámleketlik yamasa mámleketlik emes mekemelerdiń tolıq támiynatına ótkerilgen bolsa, sud aliment tólep atırǵan áke yamasa ananıń materiallıq jaǵdayın esapqa alıp, tólenip atırǵan aliment muǵdarın kemeytiwi yamasa aliment tólewden azat etiw haqqında sheshiwshi qarar shıǵarıwı múmkin. Aliment muǵdarın kemeytiw yamasa aliment tólewden azat etiw ushın bar bolǵan tiykarlar tawsılǵanda mápdar tárep aliment nızamda belgilengen muǵdarda óndiriliwin talap etip, sudqa múrájat etiwge haqılı.

Ata-anası qaytıs bolǵanlıǵı aqıbetinde jetim qalǵan erjetpegen balalarǵa támiynat beriw, olardı tárbiyalaw hám olarǵa tálim beriw mámleket tárepinen tolıq ámelge asırıladı. Erjetpegen alanı ata-ana qaramaǵınan alıp, onı balalardı tárbiyalaw mekemelerine jaylastırıw haqqındaǵı sheshiwshi qarar shıǵarıwda sud áke yamasa ananıń hár birinen tiyisli mekeme paydasına Shańaraq Kodeksiniń 99-statyasında belgilengen muǵdarda aliment óndiriw haqqında sheshiwshi qarar shıǵarıwı múmkin.

Erjetken, biraq miynetke uqıpsız, járdemge mútáj balalarına aliment tólew de ata-ananıń minnetlemesine kiredi. Bunda aliment ayma-ay tólenedi. Erjetken miynetke uqıpsız, járdemge mútáj perzentlerine materiallıq támiynat beriwdi ata-ana ózleriniń kelisimlerine muwapıq ámelge asıradı. Biraq, ata-ana támiynat beriw máselesinde óz-ara kelise almasa, bul tartıs sud tártibinde sheshiledi. Sud tárepinen erjetken miynetke uqıpsız, járdemge mútáj balalarına óndiriletuǵın alimenttiń muǵdarı, aliment tólewshiler ata-ananıń shańaraq hám materiallıq jaǵdayın esapqqa alǵan halda, hár ayda pul menen tólenetuǵın qatań summada belgilenedi.

Erjetken balanıń miynetke uqıpsız yamasa járdemge mútájligin belgilewde tómendegi shártler esapqa alınadı:

– erjetken balalar 1- yamasa 2-topar nagiranı dep tabılǵan bolsa;

– miynet uqıplılıǵın anaǵurlım joǵaltqan hám bul uqıplılıq uzaq waqıt páseyip baratuǵın 3-topar nagiranlıǵı bolǵan balalar (bunda sud anıq jaǵdaydı úyrenip shıǵadı).

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 80-statyasına muwapıq erjetken miynetke uqıplı perzentler óz ata-analarına ǵamxorlıq qılıwǵa májbúr. Bul másele Shańaraq Kodeksiniń 109-statyasında da óz kórinisin tapqan. Bunda erjetken miynetke uqıplı balalar miynetke uqıpsız, járdemge mútáj bolǵan óz ata-anasına támiynat beriwi hám olarǵa ǵamxorlıq qılıwǵa májbúrligi kórsetilgen. Bul norma nızamda bekkemleniwi menen birge, ata-anasına ǵamxorlıq etiw, eń aldı menen balalardıń perzentlik minnetlemesi esaplanadı. Ata-anasına támiynat beriwde bas tartqan perzentler sudtıń sheshiwshi qararına muwapıq, ata-anasına aliment tóleydi. Bul jaǵdayda ata-anasınıń mámleketlik hám mámleketlik emes mekemeler qaramaǵında bolıwı erjetken miynetke uqıplı perzentlerdi ata-anaǵa ǵamxorlıq qılıw hám olarǵa materiallıq járdem kórsetiw minnetlemesinen azat etpeydi. Ata-ana, aliment óndiriw haqqındaǵı talaptı óz balalarınıń birine yamasa bir neshewine qarata qoyǵanlıǵına qaramastan, aliment muǵdarın belgilewde sud erjetken, miynetke uqıplı balalardıń barlıǵın esapqa alıwı kerek. Erjetken, miynetke uqıplı perzentlerden aliment óndiriw tartısı uzıl-kesil

sheshilgenge shekem sudya usı kelispewshilik boyınsha waqtınsha tólep turılıwı lazım bolǵan summanı kórsetip, uyǵarıw shıǵarıwı da múmkin. Erjetken, miynetke uqıplı perzentlerden aliment óndiriwde aliment muǵdarı nızamshılıqta belgilengen miynetke haqı tólewdiń eń kem muǵdarınıń 11,75 % tinen kem bolmawı zárúr.

Aliment tólew haqqında sudtıń sheshiwshi qararın orınlawdan bas tartqan shaxslar Shańaraq Kodeksiniń 79-statyasına tiykar ata-analıq huqıqınan ayırılıwı yamasa jınayıy juwapkershilikke tartılıwı múmkin.

**Juwmaq:** Aliment tólew tártibiniń mámleket tárepinen milliy nızamshılıǵımız arqalı belgileniwi, bul normalardıń belgileniwinde insaniylıq principine ámel etilgenligin, shańaraq huqıqınıń mámleket qorǵawında ekenligin ańlatadı. Haqıyqattan da, milliy tariyxımız hám úrp-ádetlerimiz ázel-ázelden shańaraq muqaddes ekenligin kórsetedi. Sonlıqtan, hár bir ata-ana óziniń erjetpegen perzentlerine, al erjetken hám miynetke uqıplı perzentler óz ata-analarına ǵamxorlıq qılıwǵa májbúr. Sebebi, ata-ana hám balalar ortasında payda bolatuǵın qatnasıqlar bir-birine járdem kórsetiw, bir-birin qollap quwatlaw hám awızbirshilikke tiykarlanıwın talap etedi.

## References:

1. Oila huquqi. Darslik / Muallliflar jamoasi. – T.: TDYU nashriyoti, 2016.
2. Fuqarolik va oila huquqi. Darslik / Muallliflar jamoasi. – T.: O’zbekiston Respublikasi IIV akademiyasi, 2018.
3. Oila huquqi. Darslik / F.M.Otaxo'jayev. – Toshlent. 2013.
4. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası.
5. Ózbekstan Respublikası Shańaraq Kodeksi.